




# Sipò Pou Do-Kay<sup>1</sup>

Hal S. Knowles, III, Kathleen C. Ruppert, Karla A. Lenfesty ak Barbara Haldeman<sup>2</sup>

Do-kay-la kenbé kay-la konfòtabe sèk. Sepandan lè gwo van siklòn apé souflé, do-kay ki pa te byen bati ouswa ki te pa byen tréte pap kenbé. De twa konsey pou éde sipòtè do-kay nou.




Sous: Enstiti pou Sekirite Bizznis ak Kay

## Poukisa Fòm Do-Kay Fè Diférans?

Do-kay ki gen tèt pwenti vinn gen plis pwoblèm lè van-an ap vini antravè. Do-kay ki gen tèt ki pa trò pwenti pèmèt van monté. Do-kay ki gen yon pant ant 3:12 ak 6:12 (plan antravè: monte vètikal) bay plis sékirite.

Do-kay Hip ak do-kay Gable pi popilè nan eta Laflorid-la. Pou tèt jan yo fèt-la, do-kay Hip genyen plis rezistans kont pwa gwo van.

Do-kay Gable yo gen dwa pibon si nou fè yon ti aranjman.




## Mete Sipò Kwazé ("X") Pou Gable-la (Ankadreman "A")

Premyèman, enstalé sipò ki fèt an kwa ant prémyé sipò do-kay-la ak katryèm sipò do-kay-la. Fè atansyon, sonjé pou nou mété "X" andedan "A".

## Maré Byen Pou Sipò Yo Pa Pousé Yon Lòt (Efè Domino)

Dézyèmman, enstalé sipò entravè pou kenbé tout lòt sipò vètikal yo ansam lè van ap pousé fò. Nou kapab wè sa nan foto ki sou bò gòch-la. Fè atansyon, sonjé pou nou évité "efè domino-a".

2 x 4 sipò entravè,  
8 a 10 pye sépare



Twazyèmman, enstalé panno tòl sou tout twou ki fèt pou lè antré sou devan Gable-la koté miray-la rive. Si nou ap konstri yon kay nèf ki genyen yon do-kay Gable, konsidéré utilizé ekstansyon miray ak ankadreman balon. Sa kréyé yon miray solid ak bonjan ankadreman de anba miray-la pase andedan do-kay-la sou bò gable-la yé.


1. Dokiman sa-a fè pati 4 de 5 nan Edikasyon + Aksyon = Koleksyon Kontwol Dega Van. Dat piblikasyon: Novanm 2005.
2. Hal S. Knowles, III, Kòdinatè, Pwogram pou Resous Bon Jan Kominoté; Kathleen C. Ruppert, Syantis Estansyon Asosyé, Sévis Estansyon Enèji Laflorid; Karla A. Lenfesty, Espesyalis Kontwol Dega Van Siklòn, Estansyon Kopératif pou Konté St Lucie, Enstiti pou manjé ak Syans Agrikiltirèl, Invèsiti Laflorid; Barbara Haldeman, Asistan Editè, Sèvis Estansyon Enéji Laflorid.

Enstiti pou manje ak Syans Agrikiltirèl (IMSA) se yon Opòtinité pou Anplwa Egal – Anplwayè Aksyon Afimatif gen dwa pou founi rechèch, enfòmasyon edikasyonèl ak lòt sèvis sèlman bay endividiyèl ak enstisyon kap fonksyoné san fè atansyon a ras, kwayans, koulè, reliyon, laj, enfimité, sex, oryantasyon sexuel, stati marital, orijin nasyonal, opinyon ou afilyasyon politik. Pou enfòmasyon sou kouman pou jwenn lòt piblikasyon estansyon, pran kontak ak Biro Sèvis Estansyon Koperatif ki nan Konté pa-ou. Sèvis Estansyon Koperatif Laflorid / Enstiti pou manjé ak Syans Agrikiltirèl / Invèsiti Laflorid / Larry R. Arrington, Dirèktè

## Kréyé Yon Sipò Kontini

Yon Kay fèt ak yon pakèt mòso ki kolé ansanm. Si genyen yon mòso ki frajil, rès kay-la gen dwa tonbé. Si pou sa ké li enpòtan pou nou kréyé yon sipò kontini ant atè-ya ak tèt kay-la. Sa ap pèmèt kenbé strikti kay-la ansanm é rezisté gwo fòs van ki vini ak sikelon.

Yon sipò kontini mandé pou nou konekté do-kay-la ak miray-yo, prémyé étaj ak dézyèm étaj, é miray-yo ak fondasyon. Nou ka fè sa-a ak senti espesyal pou sikelon ke nou mété de tèt kay-la a miray-yo é atè-a konékté ak lòt pyès atè a, é vise ak gwo boulon de miray-yo a koneksyon nan fondasyon-an.



Genyen anpil senti pou sikelon ak lòt bagay pou f è kay-nou solid. Rasiré-nou ké senti-yo ak tout lòt bagay ke nap achté apwouvé pou Règ Konstriksyon Konté Miami-Dade. Toujou itilizé enstriksyon manifikirè lè nap enstalé.

## Bon Jan Pou Nou Kouvri Do-Kay Ak Fèy Plywood Ak Shingle

Lè nou pa byen enstalé ouswa nou itilizé mové kalité matéryo, shingle pou do-kay, siding, ak lòt matéryo pou deyò kay-la, gen dwa alé ak van-an. Lè sa rive, van ak dlo kapab rantré andedan kay-la, é détwi kay-la. Konsa tou, matéryo-sa-yo vini danjéré lè van sikelon raché-yo. Bon téknik nan taché, mare kay gen dwa ampéché matéryo volé nan gran jan van sikelon.

Enstalé papyé espesyal pou ankadréman do-kay ak klou espesyal ak tèt plat ki pézé dis-peni ouswa ywit-peni. Mété-yo kat pou entèval sou koté, é sis

pous entèval nan mitan, fèy plywood la. Itilizé lakòl pou bwa anba fèy plywood-la sou koté bwa-yo kwazé ak sipò-yo.

Klou espesyal ak tèt plat-yo kenbé plis byen nan bwa paséké yo genyen zanno sou tout kò-yo. Zanno sa-yo mòde nan fèy plywood ak ankadreman é rezisté gwo fòs van kap voyé monté anro.




Foto yon klou tòl.

## Lòt Résous

Alyans Federal Pou Kay Ak Sekirité  
[www.flash.org](http://www.flash.org)

Federal Emergency Management Agency |  
Prevansyon Pou Dezast & Bibliotèk Pou  
Preparasyon  
[www.fema.gov/library/prepandprev.shtm](http://www.fema.gov/library/prepandprev.shtm)

Divizyon Laflorid Pou Manajman De Sekou | Paj  
Enfòmasyon  
[www.floridadisaster.org/DEMInformation.htm](http://www.floridadisaster.org/DEMInformation.htm)

Enstiti pou Sekirité Biznis ak Kay  
[www.ibhs.org](http://www.ibhs.org)

Inivèsité Laflorid| Liv Sou Dezast  
<http://disaster.ifas.ufl.edu/>